



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA KI ANTRE NAN KANPAY POU GOUMEN POU JISTIS FISKAL LA YO

*New York, Connecticut, Hawaii, Illinois, New Jersey, Oregon, Rhode Island ak Washington Mande Kongrè a pou yo Konplètman Retabli Dediktibilite SALT la epi Sispann Atak Ekonomik Demezire y ap fè Kont Eta ki Majoritèman Demokrat yo*

*Gouvènè yo ap Travay ak Kongrè a pou yo Goumen Kont Dispozisyon sa a*

*12 Eta ki plis Afekte yo Konstitiye 40 Pousan PIB Nasyonal la*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Connecticut, Hawaii, Illinois, New Jersey, Oregon, Rhode Island ak Washington te antre nan Kanpay Nasyonal pou Goumen pou Jistis Fiskal New York ap antreprann lan. Gouvènè Cuomo te lanse kanpay la apre reyinyon li te fè ak Prezidan Trump sou enpak devastatè eliminasyon konplè dediktibilite taks eta ak lokal yo (State and local tax, SALT), ki te gen yon enpak demezire kont New York ak lòt eta ki majoritèman Demokrat yo. New York te obsève yon bè 2.3 milya dola nan peman resèt Taks sou Revni Pèsonèl (Personal Income Tax) yo estime pou mwa desanm ak mwa janvyè a. Pèt revni New York soufri a konfòm ak rezilta lòt eta ki nan menm sitiyoasyon yo te wè pandan menm peryòd la.

Pou yo goumen kont atak ekonomik sa a, Gouvènè eta ki afekte yo ap travay avèk Delegasyon Kongrè yo ak Prezidan Asanble Pelosi pou yo imedyatman konplètman retabli dediktibilite SALT la epi retabli jistis fiskal pou plizyè milyon kontribyab Ameriken k ap travay di.

“Prezidan an te bay kòporasyon ak moun rich yo yon rediksyon sou taks malseyan epi li te finanse rediksyon sa a avèk ogmantasyon taks sou eta ki majoritèman demokrat yo atravè eliminasyon SALT”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York t ap lite kont atak ekonomik sa a depi pandan plis pase ennan epi ansanm ak patnè eta sa yo ke pèt dediksyon SALT la te afekte yo, nou pap pran repo jiskaske Kongrè a mete fen nan politik pinitiv sa a yon fwa pou tout.”

“Lwa fiskal federal katastwofik la te vin tounen sa nou te toujou panse l t ap ye a: yon obèn pou moun rich yo epi yon ogmantasyon taks pou anpil milyon fanmi travay ak fanmi klas mwayèn yo”, **Gouvènè New Jersey la, Murphy, te deklare.** “Nan New Jersey, nou te travay san pran souf pou nou ofri soulajman taks alontèm pou rezidan nou yo epi nou te konsteste lwa sa a devan tribinal pou nou ka retabli jistis fiskal. Mwen atann pou m travay ak Gouvènè Cuomo, rès eta sè nou yo ki nan kowalisyon an, epi ak Delegasyon Kongrè New Jersey a pou nou kontinye lite pou yo konplètman retabli dediksyon SALT la epi sispann atak politik Prezidan Trump ap fè sou eta ble yo.”

**Gouvènè Connecticut la, Ned Lamont te deklare,** “Yo te fè konprann ke pwojè lwa sa t ap redwi taks, men an reyalye se yon ogmantasyon taks li ye pou anpil milyon Ameriken ki nan klas mwayèn lan. Limit sou dediksyon taks eta ak lokal yo entansyonèlman frape eta tankou Connecticut yo an patikilye. Se poutèt sa a, nou ap mete ansanm ak lòt eta yo pou nou travay ak lejislatè ki nan Kongrè a yo pou yo anile dispozisyon sa a”.

**Gouvènè Illinois a, J.B. Pritzker te deklare,** “Gen de milyon moun Illinois, sa vle di prèske yon twazyèm nan tout kontribiyab Illinois yo, ki te itilize dediksyon SALT la. Epi 85 pousan nan sila ki reklame SALT yo touche mwens pase 200,000 dola pa ane. Yon limit sou dediksyon SALT la ap dirèkteman afekte eta tankou Illinois yo epi avèk lejislasyon sa a, l ap ajoute anpil milyon milya dola sou defisi a, pandan y ap bay kòporasyon yo anpil milya dola, epi fòse kominote klas mwayèn toupatou nan eta nou an yo peye fakti a, li lè pou Kongrè a anile lwa sa a”.

**Gouvènè Washington lan, Jay Inslee te deklare,** “Nou pa dwe gen yon seri règ pou kèk Ameriken epi yon lòt seri règ pou res Ameriken yo. Yo pa dwe ekri lwa fiskal nou yo sou baz ki eta ki vin nan kolòn 'ble' ak ki eta ki vin 'wouj' nan dènye eleksyon an. Kongrè a dwe retabli dediktibilite SALT la konplètman pou ofri jistis ekonomik pou anpil dizèn milye fanmi nan Washington ke lwa sa a touche mal nan fason demezire”.

Daprè [Asosyasyon Ajan Finansye Gouvènman yo \(Government Finance Officers Association\)](#), 12 premye eta ki gen dediksyon pou taks eta ak lokal an mwayèn ki pi elve yo- majorite ladan yo demokrat - se New York, New Jersey, Connecticut, Rhode Island, Oregon, ak Illinois. 12 eta sa yo konstitiye 40 pousan nan PIB nasyonal la lè yo ajoute revni yo ansanm. Lòt eta nan kowalisyon an ki te afekte yo, tankou Hawaii ak Washington, ajoute sou kantite total sa a.

Byenke Repibliken nan Kongrè a yo te sipòte lejislasyon pou relouvri Lwa sou Rediksyon Taks ak Djòb la (Tax Cuts and Jobs Act) pou korije erè nan lwa orijinal la, yo pa te reyisi abòde pwoblèm prensipal pwojè lwa a genyen an - ki se limit abitè 10,000 dola yo mete sou dediktibilite SALT la.

Biwo Senatè Chuck Grassley ki soti Iowa, Prezidan Komite Finans Sena a (Senate Finance Committee), te anonse resaman ke yo pa gen plan pou yo revize dediksyon SALT yo paske se yon “sibvansyon federal pou eta yo ogmante taks sou rezidan yo san pa gen konsekans politik”. Dediksyon SALT la se pa yon “sibvansyon federal”, olye de sa se yon rekonesans fondamental de souvènte eta a. An fèt, gouvènman federal la sibvansyone 3.5 milya dola pou eta Iowa, ki se lakay Senatè Grassley - byenke New York te deja peye gouvènman federal la 36 milya dola plis pase nou te resevwa an retou, menm avan eliminasyon konplè dediksyon SALT la. Gen sèlman dis eta ki peye plis pase yo resevwa nan men gouvènman federal la.

Daprè yon [analiz](#) Steven Rattner, ki se ansyen Konseye Sekretè Trezò a (Secretary of the Treasury) te fè, lwa fiskal la te frape eta demokrat yo nan yon fason demezire, ki gen ladan efè negatif lwa genyen sou pri kay yo. Anplis de sa, pwojè lwa fiskal la sanble gen yon enpak sou ranbousman taks yo ke gen anpil Ameriken ki konte sou yo. IRS te rapòte ranbousman taks an mwayèn apati dezyèm semèn sezon depozisyon taks la te

1,949 dola, yon bès 8.7 pousan an konparezon ak ane pase, epi kantite ranbousman total la te desann 16 pousan an mwens.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te premye eta ki te pran mezi pou pwoteje rezidan li yo kont eliminasyon konplè dediktibilite taks eta ak lokal yo ke administrasyon federal la te fè a. An Avril, Gouvènè [a te siyen](#) lesjisasyon pou bay nouvo opsyon pou kontribisyon charite ak kreye Pwogram Depans pou Konpansasyon Patwon (Employer Compensation Expense Program) k ap pèmèt anplwayè yo ede anplwaye yo konsève kapasite dediktib sou salè yo.

Gouvènè Cuomo ak Pwokirè Jeneral New York la te entante yon [pwosè](#) pou pwoteje New York ak kontribiyab li yo kont rediksyon radikal prelevman taks eta ak lokal yo ke Washington ap fè a. Pwosè a, ke yo te entante an Jiyè a, afime ke yo te adopte nouvellimit SALT la pou sible New York ak lòt eta ki nan menm pozisyon yo, ki ap entèfere ak dwa eta yo pou pran pwòp desizyon fiskal yo, epi ke li pral afekte kontribiyab ki nan eta sa yo nan yon fason dispwopòsyone

An Fevriye 2018, Gouvènè Cuomo [te lanse](#) Kanpay Jistis Fiskal pou New York la (Tax Fairness for New York Campaign) pou lite kont efè yo antisipe lwa fiskal federal la ap genyen sou eta a. Nan kad kanpay sa a, Gouvènè a te lanse yon [sit wèb](#) pou enfòm Nouyòkè sou efè Eta a ap fè pou lite kont lwa fiskal la, ki gen ladan pwosè y ap entante kont gouvènman federal la, anilasyon lwa a, ak revizyon konplè kòd fiskal la.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)